Абдежым сызэІыпэ-сызэІыкІыу къэхъуар жызоІэ. ЛІыжьри сызэпимыуду кыьзодалъэ. ИтІанэ «псори Аллахь Іэмырщ», жеІэри щІэжаІащ. Цыхьзб щІалэ щыгъуу кыьщІокІыжри, къыдогъэ ззэзэ. Цыхьзбэм зыкъищІэжатэкым, ауэ моуэ-щэ, куууэ бауэ хъуат, ззэзмызэ къыхэсІэжІыкІи. Фызым къызидихъ пІэинпхъэшхуэр хъарпыим иришэкІащ, къыдгъэтэджыжьа лІыжьыр лъапэрапэу зи куэбжэр зэІудза унагъуэм я дежь дэжеящ. Асыхьэтуи щІалэ зытхух къэсщ, я нэр къихууи, жаІи зыщІэупщІи щымыІэу, я шыпхъур драхьеижащ. Нэхьыжь гуэр яхэтти, дэри дызидишащ. Іуэхур з эрэкъуар жжетІэжкъуу дохутыр къыщэнтэкъэ - сытми, мастэ хаІуа, хущхъуэ жьэдагъэльэда, Іэнэ кьэтхуащтэ кьудеІуэ, зыгуэр къыщІыхьэри, - хъыджэбз щІыкІуэ зыкъыщІэжащ, иджыпступщІэ сымаджэщым яшэнщ, жиІэри, ди сІтолым щырибон шэтвэр къытригъэуваш.

Гуъэнэ кьежьар гуфІэгъуэ хъужаку я жэщ ныкъуэфІ хъуху дызэхэсащ, нтІэ ауэрэ щыгъсынт, арщхьэкІэ дыкьыщежьэжми къытпэувахэщ, фыльэсщ, апхуэдэу фыдутІыпщыжьнукъым, ныкъобэ фыкъытхъэ жари! Дэ дыкьыщежьар абыхъэм яжетІатэкъым, ауэ ди щІыр абыхъэм я фІэщ хъуаиу фэ ятеткъым. АрщхьэкІэ, уІэлІ-уудж жыІэ: щыгъэ щІэзупсэщ, фІыуэ сыкьыззэсэбауэри, махуэ гуэрым, уэлэхьи, Джылахьстэней сохмэ. Сиш щыкІыр кьафэу, бгъукІэ зэщІрилгъэхрэ льэсіарыкІуэ ящІрэ ящІуэ. Хьмыдзэ пэпльэрти, доуэри Кіапэдыгъуэ дыщопсыхьм, уэлэхьи, мащэм кьитхъжьа хъыджэбзым хуащІыжх тхьэльэлуфІдытыну. ПыжьыпІэ Іуэхуэ зэдыкьыщежьэнтэкъэ. Уэнкъуным и дзэр хъудырым Іуеуд - яІэтмэ, гъущІэу, ягъэувмэ, щІытэу кьафІэщІ япхъу щыкІури зэ хъэзгъэфащ, кьежьэжьмыІуэ хъуауэ ящхьэгъэ джащ! Сытмэ, дышъсыжауэ дыкьыдэжьыкьи пэтрэ бжэІуэ дэжгуэ дыхэхъьадэрэ, хъэдрыкъэ щІэмызэгъэ угъурсізэр Хьэмыщэ и шыпІІэм дэсу дыкьыщІэжьыкІуэ. Іуэхуэ кІыпэрыгъэ ялІ гуэрым щІыхуэ зытемыпІха жыхуаІэм ЗэкІэ щІащІауэ ярат, пэжьым уэшхыжьэ щІыкІыкьыкІ - емыкІу кьызомыгъэхь.

- Ди зэхуэдэ щэхуш, Бидонэ, - жызоІэ, - хьэдрыкъэ здэтхъыкІ щхуш мы уэхъэІэнчр-тІэ.

- Си адэу мы щІыр фІыщІэжьым щІэлъым и пащхьэ кхъуащхъэ сфІэту Алыхьым срихьэж, зыгуэркІэ сыкьэхашэу щытмэ, - жеІэри, Бидонэу пльатъум сиІэр къеубыд, тхъэ.

- НтІэ, - жызоІэ, - мы кІэкІэжэм КІапэдыгъуэр ялІ гуэрым щІыхунэ зытемыпІха жыхуаІэм ярат, пэжьым уэшхуэрІкІэ. Къэзбгъэдыгъуфын ар?

Бидонэ псалъэ жимыІэу пщІантІэм дэт гупым сахеІэжж, жоуэ кьыбжьэдэхумэ, дыкъэбгъэсыжауэ тхъэ сІуэнщ, и джэдыгъэжьынщ... Еи-и-и, а си сэрорэ ар, іІы гъэвэпхъыи и натІэ ильу ьхэдрыкъэ мащэм изэгъэнтІ? Ди анэ тхъэмыщІыкІэм ауэ сытми Ямалей фІищатэжьым. Іэджэжь си нэгу щІигъэкІащ абы, «Тэрч льэмэжьыжь мыгъуэр сыту псым тримыкрэ, джыдлъэстэней кьыджжэбз кьыезэпрамыщІофІ хуэдэу» жеІэзыгъэм ящыщІ ар, си гъунэгъу. Іэгъуміу кьызыхэмыІ щІэІэкъым, си гъунэгъужь? МылЭр лІы мэхъу, жи, уи Іэ-уи лъэ бгъэхьеІ закъэжу, кІэльхуоэлым укъуэлЫкІынукъым, укъуэмытхъыкІыщэнымн. Зэкъ кІэуэгъужэгъур си мащэми, уэлэхьэ-э, си льапсэкІэр Алыхьым уэзрельэІыгтэмэ: гуартэ кьепхуІлъмэ, тепльэн щыІэтэкъым. Дауи, цІыхур хьэфиз зэтемыхьуат, ауэ имыльаГупхъэр зымыльлагъур игъащІэм хэхьибІэ... Ауэрэ деиІуэльуэрэ унэкъІэщэм дыкьэтІысхьащ. Абыи удэкІуэтэнт... ПащІэр лІэуэ дунейр тІэкІу кьэлэда щхьэкІэ, куэд мыщІэу властым щІикьуэзэжьнтэкъэ. Алыхьым ещІэ пащІыуантІэр щІикъуэ-жьыну зигу къэкІар. Пэлнэмэчуэ мылиці лІы хьарзынэ гуэр діІатэ, жьлэм дашьжьнтэкъэ. Бригадир хуэдэу кьыІэхэт БжьакьэлІ и кхуэр и щхьэр ящІагъыу традзынтэкъэ, Іуэхуэм тКІийуэ убгъэдэтхьым жаІэу. Сытмэ, уэлэхьи, ди тІроцэр кьыдагъэухам. БжьыльэлІым и кьуэм дыхуэдзэлащхэтІи, ар зэрыщІщэ-налкъутыр кьыщытщІар Хьэшым кьыщытхъагъэкІуэ махуэращ. БжьыхьэлІ хуэдэу, щууэ уэрамкэм ирикІуэрэ нэрад зытыим ящыщІмкьым Хьэшым. Пщэдджьжьы нэмэзым, арксІар кьыІурыжу, модэ мо ди Іуащхьэжьым кьытеуыІэнти, хьэблэм уахэхъуэгъэзынэмэ, уахэтъэгъэзынэмэ кьеблагъэ! Абы кьыдмыантІэр уфІудзыжьІ И щхьэр щхьэ пыймыкъарэ жьыпІа? Дытхъэжьу тшэчрэт, зыгуэр зыкьызымыльэ мышэм дэстэкьым - хэт нартыкъу матэ, хэт гуэдз зэкІэ, гъэ сщІэ мы-гъуэрэ, зэкъуэхуауэ зрихьэлІа гуэр къэзымыгъэІэбжьэнар зи Іэр хуэкІэщым я закъуэт, уэлэхьи, укъратэпльынтэмэ а уэ пщІэм. Жэщ кІыфІу ирихьэлІэу и фІыгъэ ящІыгуэдая щыІам, уэлэхьи, Шхьэлплькъэпс льэмыкьым щедгъэлэлэхаи къэхъуам. Лы инатт - зэрыбгъэдыхэн щыІэтэкьым. Хьэблэм лІыуэ дэсым дя пльэкуэр кьыкъэшъудар хадин ильэда мо фызыжь щыкІу-ращ. Абы щыгъуэ фызыжь щыкІуа ар сытми?

НтІэ, и гъэ умыщІэу и кІэр ящІыхьри, жиІащ пасэрейм. Апхуэдэу сыкьекІуэкІыуэр, уэлэхьи, Хьэшыму пльагъум Іуэху сыкьекщІым. Тхъэ сІуэни, екІэ си уэкъ кьохьэм: «Шы-гъэпщ мэкъуауэ удэкІынщ, жи, хьэуэ яшІэрэ, а эдэтщІэм укъизгъэпльынщ», жи. Ар си щхьэм ихьауэ сызэрыхэпльэр КІапэдыгъухэ я пхъум ильагъунтэкъэ? «Сыт лІышхуэ бэрагъэгъуэ ущІепэзззэхыр? - кьызоупщІ пщыхьэщхьэм дыгъуэльыжкауэ си напІэ кьемыхьу сыздыхэльым. - Шыгъэпщ кьызэхуигъэщІар щІыхьхуэщ, зыкІи уигу ящІыгъэнэкъуэу дэкІ, - уи щыбгаръ мывэ чэщанэу бэдзщ, кьыбгурыІуэ? Бидзщ, - трекъуэзэ бидзэм, уэлэхьи. Ей, сиІ кьэщ, фызыр гум йохьэри, илъыр кьешІэри къоІкІыж, алейкІэ щубзащІыну упымыльэ. ПсэкІэ кьишІат си псэр зэрыгъур: Хьэшым цІыхубз къэдым я напІэ трихат. Уэлэхьи, бжэр пхъуэхьа фызабэр мэжэпІэ гуэри щыІэнмэ, ауэ зи щхьэ пщІэ хуээзщІыж ар и гупэ игъэгъуэльауэ, КъурІэным сытеІэбэурэ тхъэ сІуэнщ, ноби сиІэрІэ мыхьуу. Ауэ дыхьэджІыну щалъатрыкІэ, гурыщхъуэр дэнэ пхьынЭ! Сытмэ, пщэдджьжь шей дефа кьудейуэ, уэлэхьэ, КІапэдыгъуэ я пхъур и Іэр кІэпхъи щІагъэм щІэпъу си пащхьэ къуэзмэ, «уи уэщыщхуэр кьыІэт» жери. «Уи натІэм ибукІэну», согупсыс сигукІэ, унагъуэм укъыззэрихьэрэ пхъэ Іэплпэ уэзгъэжъгакъым», ауэ «Іым» жызмыІу сыщІокІ, пхъэ кьуатапІэм хэупца джьдзжьыр къыщІыхьэхьэрэ изот. Сіех, іоплпэр, игу иримыхьауэ и напщІэр хеш, ауэ зыри жиІэрэкьым, джьдзэ гъэфІэн зэрызиІэр ящІэпэтми. Арати, щІокІ. Щхьэгъубжэм сыдэплъмэ, джьдзр сабийм хуэдэу и бгъафэм щІэлъу гъуэгум зэпрокІри Былуэ ЗольадЭ. Мы гъуэгу мыгъуэм емыжьэнымэ зэрихуэр сыт жызоІэри, сэри сыкІэльожэ: Былу и фыдзэрэ абыгрэ зэхуилъат, сыкьэгуэзэвэнтжьэ? Гъэнэгъу закъуэ кьызэтІысылІам псальэмакъ яхилъхьэмэ, жысІэу си псэр дзапэкІэ сыІгъыу сыдыхьэмэ, уэлэхьи, си Былуэ пльагъум си джьдзжьыр елъым, уэхьпсыхьу мобым мывэшэрхьэр егъэжІэрахъуэмэ. Былуэ зэрыльэкІкІэ джьдзр шэрхьым трикъуэзу кьыісфІощІым. «ЛІо, - жи, - зэлІээфысым джьдэ дзагуэжьыр фІыгъыу кьыщІэжьжьыхьр? Сэ зызыкІуэщІэгъэпщІэуэ сыьлпщІ, фызым пщІантІэпсыр кьежэхьыу шэрхьыр егъэкІэрахъуэ. «ТІэкІу зегъэгъэпсэхуэ ныса-щІэм», - мэдыьэсыьх Былу. «Си ІэплІэр мэуэ, - здджьжьэ-гъэ-щІ. ИгъащІэкІэ ильынт - джьдэ тхъэмпэм и Іэр иригъажащ, и дзэм пэрыІэбэщ ебэр, уэлэхьи, пхъэ ирипкьутэн дэнэ кьэна, жьакІэ ирибгупс хьуитмэ, жиІэу кьыісхуиишэт, арщхьэкІэ нысащІэ жьхуаІар пхъуэри кьызэригъэтакъым. Фызым зыкьыпІыпхьыщІыкьыри, бжьыкьыбгъум деж хэт баЛиеЙ щынэ щІыбаГум бгъэщІ хьащ, «жьгъутх» жиІэу еуэри кьудамэм я нэхъ иныр, уэлэхьи, кьриупщІэкъм. «Мис - сльэгуэкъыьм жумыІэж, - и щхьэ щІыкІуэр хуищащІ Былу и фызэ кьыьхьам, - Льыр пщІэдей Шыьгъэпщ докІ, сі щхьхуб закъуэу уэнэ сыкъыщІонэ, гъунэгъуу фэр фІэкІа симыІэу губгъэм сисынщ - мор дэмысу си кхэбжэр ныІуэхьам балиеЙм и махуэр кьыхуэзэмыгъакІуэмэ, азаІахьым и нейр кьыісщІыхуэ!» Ар кьыдидзэ абыи, уэлэхьи, ущу кьекІуэжьыкъам, дыьэпльыкІ щыри пщІантІэжум дыкърнэгъри.

ПщІантІэм сыкьыщІыдыхьэжам джьдзжьыр пхъэкъутапІэм эзуплуэу хэлът, езыр жьыщІэу бжэІупэм Іутт. Джьдзэм сызэрепльыр щІилъагъум, кьысщІыдыхьэшхащ. «Абы и Іуэху ищІащ, зрегъэгъэпсэху иджы. Еплъыт мо уэрамым кьыщІэдзащ, си кьыбзэр ІэІэ - и щхьэ кьырикІуар зэрибзащІыр кьыззэрехьэлъэкІымрэ щхьэщІытхъэн зэрижьагъуэмрэ. Хьэуэ, Іэгъу, уэлэхьир хьэзимщ, си бгъэгущІалъэ зыгъэр и пащІ нитІыбгъэрами, нысащІэр кьыщІэзмыгъэгуфа мыщафэр кьыхуесщэхауэ щытамэ, тхъэ щытамэ. Фи фІэщ мыхьэмэ, мес, фещІ.

Ей, псэр зыфІщ, я нэхъ хуэмыхуу кьыпфІэщІми, зэкъуэхуа щхьхуКІэ, кьару кьыхелъхьэмэ. Бетэмал, си гуащІэ дэкІыу зы мазэ закъуэ нэхь мыхьэми, е щыхьэуэ пщІэ, е сщІэ мыгъэрэ, бгъэ зэрэ-ти зэнэтэкІэ тхъэ сІуэу, Шыгъэпщ е Кьущхьэхъу сыщІакІэщэрэт. Сытым хуэдэу цІыхур щыбгаэрэ абы, мыраемыс я бэлъхьэхъэ щхьэ фальэрэ иІэмэ, маэхъ псом мэжалэрэкьым, лІэун. Уэлэхьи, уэи кьемыуалІэ, гъэщІегъунхъэ ар? Хьэмэрэ пщыхьэщхьэ щыхьэкІэ, мафІэм жетІысхьэрэ ар. Сыт хуэдэ щІыбар щыжьаІэкІэ, уэлэхьи, уэр дыдэр нарт уохьури, щхьибгъ зыфІэт иныжьыр пхуэхэгъэн пфІощІым.

НтІэ, зи гугъу сщІы гъэм жьыхьауэхэм я Іуэхум хэшыІа щхьхьэ Іуэхуэ сыщІыгъ, мэкъу сеуэм, Іэнэ сщтэуэ. Апхуэдэу тхъэмахуитІ-щы кІуауэ, «си щыгъын эзэхьуэ кІынщ, сабэйхэм тІэкІу сакІэ-Іыплпльынщ» жиІэу ехьжа ди учетчик хуэдэр кьыдэжІыщ, пІитІаним кьуажэ хъыбаги кьытхъэдзышэри. Сэри хьыбгар зэІымкІэ кьысхуихьащ, сІэрІэ ІыІащ кьыуеІ, Іэрэ, фи деж пэлнэмочнэр кьыІуКІыжу сльэгъуащ. Сыт жысІэу сеупщІынт, Іэу? Ауэ, уэлэхьи, уэрэ щхьэм залэр зэуувэлІэн лы бзыгъэм ящІыгъуэ Іуимыкъуэ. ХьэщІэ диІащ, мэдыьэхъэ Хьэжьысуф, хьэІусыпэр зратхэр кьыдэжІуеят. Еуэ, мыпхъэу мымыВэу тетІысхьэпІэ кьэщІ. Уи адэм и бынщ си упщІэ пыІэжьыр тетІысхьэпІэ зэрысщІын, содыьхэщ сэри. Абдем Хьэжьысуф пщІэм щІохьэри, аркъэжь пэлэщтоф кьыщІех, хуэщІашхуэ щымыІэу Іум кьытхуірегъэхьуэ. Фадэ щымыгъуэнэ ІыІуэ, фІыуэ сыжьжэлІати, уэлэхьир хьэзымщ си укІытэ кІуэдакъым жысІэри, тебэм и зэхуэдитІыр езгъэзэрэкІуэхам, бжьэ щыкІуитІри щІегъэ пщІыгъэ хэлът. Учетчикым кьызжиІам и ужькІэ, уэ сІэзубыдыщ щІэлъэтэкъым. Си бгыр щІэскъуэзэри, шхуэІур субыдащ. Шыгъэпщ укьехьжьынщ гугъуькъым - кьыІпхуІэрэ щІэ зудэу, уэлэхьи, уІэзэпрапэу укърехьэхъым егъэзэхьыпгъуэм. Шыплпэм удэщІагъэ зэпрегъэу укърехьэхъым дыькъехьжащ, Іэхъуп1э бгъэ щІыгъэкъуэ. ИтІанэ зы цІахуІэм зездзри, шхуэІур хуит хуэсщІащ, зэран ухуэмыхьумэ, шым гъэгур кьегъуэтэжІ.

ЖэщыбгъыфІ хьауэу куэбжэм сыІухьэжащ. ШыгъэгъубжэІупэхэр и напІэ зэтедзауэ си гънэжь тІэкІур щытщІ кІыфІрэ кІыфІу. «Хэт ар!» щтэІэщтаблэу кьоІу гъунэгъу дИІащ, зэрэ ІыІащ и мыгъэрэм, нысащІэр кьыщІэзмыгъэгуфа мыщафэр кьыхуесщэхауэ щытамэ, тхъэ щытамэ. Фи фІэщ мыхьэмэ, мес, фещІ.

Ей, псэр зыфІщ, я нэхъ хуэмыхуу кьыпфІэщІми, зэкъуэхуа щхьхуКІэ, кьару кьыхелъхьэмэ. Бетэмал, си гуащІэ дэкІыу зы мазэ закъуэ нэхь мыхьэми, е щыхьэуэ пщІэ, е сщІэ мыгъэрэ, бгъэ зэрэ-ти зэнэтэкІэ тхъэ сІуэу, Шыгъэпщ е Кьущхьэхъу сыщІакІэщэрэт. Сытым хуэдэу цІыхур щыбгаэрэ абы, мыраемыс я бэлъхьэхъэ щхьэ фальэрэ иІэмэ, маэхъ псом мэжалэрэкьым, лІэун. Уэлэхьи, уэи кьемыуалІэ, гъэщІегъунхъэ ар? Хьэмэрэ пщыхьэщхьэ щыхьэкІэ, мафІэм жетІысхьэрэ ар. Сыт хуэдэ щІыбар щыжьаІэкІэ, уэлэхьи, уэр дыдэр нарт уохьури, щхьибгъ зыфІэт иныжьыр пхуэхэгъэн пфІощІым.

НтІэ, зи гугъу сщІы гъэм жьыхьауэхэм я Іуэхум хэшыІа щхьхьэ Іуэхуэ сыщІыгъ, мэкъу сеуэм, Іэнэ сщтэуэ. Апхуэдэу тхъэмахуитІ-щы кІуауэ, «си щыгъын эзэхьуэ кІынщ, сабэйхэм тІэкІу сакІэ-Іыплпльынщ» жиІэу ехьжа ди учетчик хуэдэр кьыдэжІыщ, пІитІаним кьуажэ хъыбаги кьытхъэдзышэри. Сэри хьыбгар зэІымкІэ кьысхуихьащ, сІэрІэ ІыІащ кьыуеІ, Іэрэ, фи деж пэлнэмочнэр кьыІуКІыжу сльэгъуащ. Сыт жысІэу сеупщІынт, Іэу? Ауэ, уэлэхьи, уэрэ щхьэм залэр зэуувэлІэн лы бзыгъэм ящІыгъуэ Іуимыкъуэ. ХьэщІэ диІащ, мэдыьэхъэ Хьэжьысуф, хьэІусыпэр зратхэр кьыдэжІуеят. Еуэ, мыпхъэу мымыВэу тетІысхьэпІэ кьэщІ. Уи адэм и бынщ си упщІэ пыІэжьыр тетІысхьэпІэ зэрысщІын, содыьхэщ сэри. Абдем Хьэжьысуф пщІэм щІохьэри, аркъэжь пэлэщтоф кьыщІех, хуэщІашхуэ щымыІэу Іум кьытхуірегъэхьуэ. Фадэ щымыгъуэнэ ІыІуэ, фІыуэ сыжьжэлІати, уэлэхьир хьэзымщ си укІытэ кІуэдакъым жысІэри, тебэм и зэхуэдитІыр езгъэзэрэкІуэхам, бжьэ щыкІуитІри щІегъэ пщІыгъэ хэлът. Учетчикым кьызжиІам и ужькІэ, уэ сІэзубыдыщ щІэлъэтэкъым. Си бгыр щІэскъуэзэри, шхуэІур субыдащ. Шыгъэпщ укьехьжьынщ гугъуькъым - кьыІпхуІэрэ щІэ зудэу, уэлэхьи, уІэзэпрапэу укърехьэхъым егъэзэхьыпгъуэм. Шыплпэм удэщІагъэ зэпрегъэу укърехьэхъым дыькъехьжащ, Іэхъуп1э бгъэ щІыгъэкъуэ. ИтІанэ зы цІахуІэм зездзри, шхуэІур хуит хуэсщІащ, зэран ухуэмыхьумэ, шым

● Гукъэкіыж

Ар псалъэ шынагъуэщ!

«Зауэ» псалъэр сэ зэхэсхащ 1941 гъэм мэкъуауэгъуэм и 22-м. Гъэмахуэ жэщ кьабзэт. Дэ, Борисовэ дэт Дзэ-инженер еджапІэм щІэсхэр, а зэманым дышьІыт Архангельск кьалэм пэмыжыжьэ Двина Ищхьэрэ псым и Іуфэм. Уэрэд жьгІэрт, дыкьафэрт. Апхуэдэуи дыгъуэлыжащ. Арати, пщэджьыпэм радиом кьитхэр хьарпшэр хьуащ. Радиостанцым щыщ жатрос гуэрым блэжьэ пэт кьытІуридзащ: «Зауэ кьэхьеящ! Нэмыцэхэм ди кьхьхьэр щІрагъэлъафэ!».

МАХУЭМ Молотовыр кьэпсэльа нужь Іуэхум и пэжьпІэр кьэтщІащ. Жякетіащ Хэкур тхьумэну проги дыз эрыхьхьэзырыр. Арщхьэкіэ кьытхуадекъуащ. «Хуей хьумэ, фэ проги фронтым фыкІуэщІ» - пиупщІащ комбатым.

Зауэр щІидзэнымі и пІ кьиуэуи дэ кьыдгурыІуэрт зыр адрейм темыуэзым теухуа зэгурыІуэныгъэ 1939 гъэм Германием ирищІэлІа пэтми, ар дэ кьыз эрыдзэгъэрыкІуэнур. Абы щэч гуэри кьытетхэртэкъым. ДызыхуауищІр хуабжьу егуГуэу зыдгъэсэныр. Дэри, совет хэкупсэ ныбжьыщІэхэр, дыхьэзырт фІыуэ тлъагъу ди Хэкум и щхьэхуитныгъэм ди псэр щІэттыну. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, СССР-р хунэсакъым кьыпэплъэ зауэшхуэм зыкуигъэхьэзырыну. «Т-34» танкэр, кхъухьлъатэ зэмылІэужьыгъуэхэр, «Катюшэхэр», н. кь. кьыдагъэкІын щыщІадзар 1941 гъэрщ. Мазэ зыщыплІ яхуарикъужакъым... Дэ, курсантхэм, автоматхэр япэу щытлъэгъуар фронтрат. Ди къэралым и Іэтащхьэхэр, Іэмалу щыІэр кьагъэсэбэпурэ, сыт щыгъуи хущІэкъуауэ зауэр кьыщыхъеиныр зэманыр Іуагъэкіуэтыну. Совет зауэлІэхэм унафэ хуащІат нэмыцэхэм я хьэгъэщагъэхэм жэуап ирамытыну.

Германиер кьыттегуплІэрт. Уеблэмэ нэмыцэхэм я кхъухьлъатэхэр ди деж кьыщыщагъэтІысэ кхъэхьурт, гъыщІэу ф фэ зытрагъауэрэ. Мис а псоми я зэранкІэ пщэдджьыжьым сыхьэтиплІ мыхьэ щыкІэ фІым Іэмал иГуэтащ Киев, Севастополь, нэгъуэщІ кьалэхэм удын яридзыж.

Апхуэдэ хьэкІэкхъуэкІагъэм кьигъэлыбащ совет кьэралым и щыху псори. ФІыуэ ялъагъу я Хэкур жьымэну зэрыхуейр мелуанхэм жаІащ. Дэнэ щыІпІи щекІуэкІащ щыху куэд дыдэ зыхэта пэкІуэкр. Кьызэхэсахэм гуитІщхьитІыгъэ хэмылъу яГъэнэкІуэтыну. Совет зауэлІхэм унафэ хуащІат нэмыцэхэм я хьэгъэщагъэхэм жэуап ирамытыну.

Германиер кьыттегуплІэрт. Уеблэмэ нэмыцэхэм я кхъухьлъатэхэр ди деж кьыщыщагъэтІысэ кхъэхьурт, гъыщІэу ф фэ зытрагъауэрэ. Мис а псоми я зэранкІэ пщэдджьыжьым сыхьэтиплІ мыхьэ щыкІэ фІым Іэмал иГуэтащ Киев, Севастополь, нэгъуэщІ кьалэхэм удын яридзыж.

Апхуэдэ хьэкІэкхъуэкІагъэм кьигъэлыбащ совет кьэралым и щыху псори. ФІыуэ ялъагъу я Хэкур жьымэну зэрыхуейр мелуанхэм жаІащ. Дэнэ щыІпІи щекІуэкІащ щыху куэд дыдэ зыхэта пэкІуэкр. Кьызэхэсахэм гуитІщхьитІыгъэ хэмылъу яГъэнэкІуэтыну. Псалъэм папщІэ, Кьэбэрдей-Балькъэрым ипащэ, Кьэбэрдей-Балькъэр педагогикэ институтым и егъэджакІуэ зыбжанэрэ студент 400-м нэблагъэрэ зауэм зэрыкІуэну лъэІуащ.

Цыхубзэр Іууващ щыхухьхъэм я лэжьапІэ Іэнатіэхэм. Балигъ ныкъуэхъуэрэ, уеблэмэ сабийхэри Іуэхум хыхьащ. Псоми я гуращэр зыт - бийр зэтракьутэнырт.

ПОЛИЩУК Иван,
Налшык къалэм щыхь зиІэ и цІыху, зауэм и ветеран.

● Дэ кьытхуатх

Лейтенант нэхъыжь Хъэщыкъуей Къасым

Хэку зауэшхуэм щыщІидзам Хьэщыкъуей Къасым лейтенантт, танкэр зэзыгъэпэщыж взводым и унафэщІт. Кьулыкъу щищІэрт Житомир кьалэм пэмыжыжьу.

ТАНК куэдым дерт зэмылІэужьыгъуэхэр яІэт. Мэкъуауэгъуэм и 22-м и уэрэкІэ абыхэм елэжьу щІадзащ жэщи махуи емытІысхэу. Ягъэхьэзырыжа машинхэр занщІэу фронтым Іуашэрт мафІэгукІэ.

ЗауэлІэм Іухьэн хуей хьуащ Хьэщыкъуейм и гупри. Кьэпланыр кьызэрыгуэкІт: танк къутахэр псынщІэ дыдэу «зэфІагъуэвэжьн» хуейиуэ арат, ауэ ар лэжьыгъэ гуэрт, пкъралъхьэнухэр зэрамыІэм кьыхэкІыу. Зэпымыуу кьалъхьэн хуейт зэкІэлІэхэр. Икіи, телъыджэраци, кьагъэутырт. Псом хуэмыдзу нэхъ зэлІалІэр танк лъэгурт.

Ауэрэ зрагъэсащ гуэрищэкэр кьуажэхэм кьыщащыпа гъущІыкІэхэмкІэ зэрагъэзубыдыжу.

1941 - 1942 гъэхэм псом хуэмыдзу хьэлъащ. Кьаруркіэ кьеФІэкІ фашистхэм кьрагъэкІуэт зэпытт. Ди зауэлІхэр зэтезыІыгъэр икІэм-икІэжьым текІуэныгъэр кьызэрахьнумкІэ яхэль фІэщхъуныгъэм и закъуэт.

1942 гъэм и гъэмахуэм Хьэщыкъуейм лІыгъэшхуэ зэрихьащ. Пщыхьэщхьэм ирихьлІэу бийм иубыдыжьифат ипэІуэкІэ ди зауэлІхэм хуит кьащІыжа Выселки кьуажэр. Зэхэуэр щекІуэкІым, ди зы танк силос зралъхьэ мащэм ихуащ. Нэмыцэхэм ар яльэтІуэкъым. Танкым иса цІыхущым щыщІу зыри кьикІакьым. А танкым и унафэщІт лейтенант Щадыр - Хьэщыкъуейм и лъэпкъэгъуу частым хэт закъуэр.

Къасым занщІэу полковникым и деж кІуащ.

- Хуит сыщІ танкыр къэсхужьну, Абы исхэр псэуми тщІэркъым. КьедгъэлынкІи хьунщ!

Полковникым хуит кьищІащ. Жэщыкум Къасым нэсащ а щІыпІэм. ТІур хьэдэт, лейтенант Щадыр укъимыщІэу ялэгъэ хьэпльт. Къасым хуэмыдзу ялэгъэ хьэпльт. Щхьэпэн. Арати, танкыр фашистхэм я пащхьэм кьригъэкІри ди деж кьигъэсыжащ, Щадри кьелащ. Къасым абы папщІэ медаль кьыхуагъэфащэуэ щытащ.

Къасым куэдрэ псэзэпылъхьэпІэ ихуащ. Одер псым щызэпрыкІым, и щхьэм фабжь игъуэтащ, лагъым кьутахуэ кьытехуэри. Уэгъэщым и дохутырхэм дзыхь ящІакъым а кьутахуэр и щхьэм кьыхахьжьын: кьупщхьэм куууэ жьжьат. Арати, и ГъащІэ псокІэ а кьутахуэр и щхьэм хэльащ.

Къасым лейтенант нэхъыжьу зауэр ихуащ, 1946 гъэм Щхьэпыкъуэ кьэкІуэжащ.

Ныкъуэдыкъуэм, хуэфІэкІыхухкІэ лэжьащ, и щхьэгъусэмрэ ешмрэ пхъуитІ япІащ. Ар хунэсащ и пхъурылъхуэфи ильагъуну.

КОММОДОВ Геннадий.

Мафіэ мыужьыхыр куэдрэ иреблэ!

Хэку зауэшхуэр зарыщІидзэрэ нобэ илъэс 72-рэ ирокъу

Илъэс 71-рэ и пэкІэ, 1942 гъэм, бадзэуэгъуэм и 29-м, СССР-м и Совет Къэралыхьэм и Президиумым и унафэкІэ Суворовым, Кутузовым, Невскэм я орденхэр яГъуэвауэ щытащ. Зэманыр макІуэ, ауэ ди лІыхъужьхэр ящыгъупщІрыкьым. А дзэзешІэ щІрыІуэхэм я щІхэм ещхащ Хэкум и бийм пэщІэткІэрэ зыІэрагъэхьа ди текІуэныгъэхэр. Орденхэр яубыхуащ урыс Іэщэм и щІмхьыр ихьри гъэбгъэзэным, лІыхъужьныгъэмрэ хахуагъэмрэ я щапхъэхэм ди щІыхуэхэр тетыным, ахэр ГъуэзэрІ яІным кьыхуеджэн мурадкІэ.

НЕВСКИЙ Александр и орденыр щаубзыхуар адрей тІум яужьщ. Ар зауэ Іуэхугъуэхэр къызэгъэпэщыщым, абы унафэ щыщІыным зэфІэкІ лъагэхэр къызэрыщагъэлъэгъуэм папщІэ Дзэ Плъыжьым и командирхэм ирату щытащ. ЛІыхъужьныгъэрэ хахуагъэрэ яхэлъу, щхьэмыгъазэу Хэку зауэшхуэм зэрыщызэуар, и унафэщІэт дзэр лІыгъэ къагъэлъагъуэу бийм зэрыпэщІэтар кьалныгъу орденыр иратырт дивизэхэм, бригадэхэм, полкхэм, батальонхэм, ротэхэм, взводхэм я унафэщІхэм.

Хэку зауэшхуэм и илъэс лІыгъэхэм бийм ерыщу пэщІэтахэм, лІыхъужьныгъэ къэзыгъэлъэгъуахэм ящыщщ ди республикэм и хабзэхьумэ Іуэхущапі Іэхэм я лэжьакІуэхэр. Нэмыцэ-фашистыдзэм щхьэмыгъазэу зэрыпэщІэтам папщІэ, Кьэбэрдей-Балькъэрым щыщ хабзэхъумэ куэдым дзэпщ ІэрыІуэхэм я щІыхькІэ яГъуэва орденхэр кьыхуагъэфащэуэ щытащ.

Япэ Белорус фронтым и унафэкІэ, 1944 гъэм мэзи жьыхьым и 28-м 62-нэ гвардейскэ шуудзэм и штабым, 16-нэ гвардейскэ Черниговскэ щу дивизэм я унафэщІу щыта, гвардиемрэ и лейтенантрэ ихъхьажь Джырандокъуэ Мэхьэрбий Кутуэзовым и орденеиы и 3-нэ нагьыщэр кьыхуагъэфэщащ. А зыращ а орденым и кавалеру Кьэбэрдей-Балькъэрым иІэр, Джырандокъуэр Хэку зауэшхуэм и пэмІэ НКВД-м и Тэрч район кьудамэм мафІэсгъэнкІыфІ инспектору щыгъэжащ.

1944 гъэм щыщхьэІум и 21-м гвардейскэ топгъауэ полкым и 95-нэ батареем и унафэщІ, гвардиемрэ и 44-нэ гвардейскэ фочауэ дивизэм и капитан Гончаренкэ Михаил Невский Александр и орденыр кьыхуагъэфэщащ. Ар СССР-м и МВД-м щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ, КъБАССР-м и МВД-м хьыбарегъащІэ технологическэмкІэ и управленэм и кьудамэм и унафэщІу щытащ.

ИщхьэкІэ зи цІэ кьитІуа офицерхэр Хэкум и кьыщхьэщыжакІуэ нэсу щытащ, лІыгъэ кьагъэлъагъуэу бийм пэщІэтащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри мызэ-мытІэу уІэгъэ хьуащ, итІани, щІэрыщІэу зауэ Іэнатіэм пэрыувэжыт.

Дзэзешэ щІрыІуэхэм я орденхэр илъэс 70 щрикъум ирихьлІэу гуапэу дигу кьідгъэгъэкІыж зауэм хэкІуэдахэри абы хэтауэ иужькІэ дунейм екьжахэри. Абыхэм я цІэ кьудейкъым фІыкІэ ягъэІуар, атІэ Къэбэрдей-Балькъэрым и пщІэри яІэтащ.

ШЭДЖЭМ Залымджрий.

Хэкум папщІэ, Сталиным папщІэ! *1941 гъэ*

Сталинград и жэщ-махуэ 200

СТАЛИНГРАД хьумэным хэтащ ССР-м и лъэпкъ псори. Индыл и Іуфэм деж фашист зэрыпхъуакІуэхэр кьыщызыгъэзыІуэтэжыкъутахэм яхэтащ Кьэбэрдей-Балькъэрым и кьуэхэр. Къэгъэлъэгъуапхъэщ 115-нэ шууей дивизэм зэрихьа лІыгъэр. Ар псэмыблэжку щІэзэуащ Индыл Іуфэ Іут БыдапІэр хьумэным. Дивизэм и шууейхэм я гурыщІэхэр и дэфтэрым кьыщигъэлъэгъуащ майор Наурыз Мамышэ: «Си щхьэкІэ сэ сынасыпыфІэу зыкьызолъытэж апхуэдэ дзыхь зыхуащІахэм саззрыкэтэтымкІэ. Дэ тхьуэрэ Сталинград и закъуэжьым, дыщалхьуа Кавказми, Кьэбэрдейми, ди къралми я Іуэху зэрыхъунур мы зауэм елытащ».

115-нэ шууей дивизэм хэтахэм ящыщ куэдым лІыхъужьныгъэ Сталинград дежщагъэльагъуащ. Щхьэмыгъазэт Курп Ипщэ щалъхуа Щоджэн Мухьэмэд. 1942 гъэм щыщхьэІум и 21-м, ебгъэрыкІуэ ди эскадронхэм япэ иту, пулеметпІэ абы бий 20 иуклащ, ауэ езыри хэжьуэдащ. Зауэ нэужьым илъэс куэдкІэ псэуужащ а жьлэм щыщ Кьумыкъуэ Уэзэр и кьуэ Мышэ. «Сталинград хуит зыщІыжакъым папщІэ» медаль зратахэм ари ящыщщ.

Уэрэдхэм кьахощыж Тэмазэ Тэркьан хэпльа лІыгъэр. Абы бий куэд зэттриукІащ, нэмыщэ сэлэтхэм я автоматхэр кьиштэри, ди дзэр а щІыпІэм кьэсхьу фашистхэр зэтрипІащ.

Кьер Мухьэрбэч зыхэта дивизионым махуэ кьэс танкитху-хы икьутэу щытащ. Сталинград фронтым и унафэщІ щІхэм ящыщ зым итхыртт: «Кушокъуэ Къаншумэс лІыгъэшхуэ хэльщ. Ар зи пашэ гупыр бийм и танк 12-м ипэуврри, зы топышэ ихьхэуэмынэжьхэу зэуащ. Топгъауэхэм ящыщу зыри псэууэ кьэнэжатэжьщ. Кушокъуэм гранатэ зыбжанэ кьиштэри, мыкъутауэ я кьэна танк закъуэм зыщІидзэжащ. Апхуэдэу и гъащІэр итащ адыгэлі нэс Кьаншумэс».

Щхьэмыгъазэу бийм езэуа зауэлІу, дзэзешэу 115-нэ шууей дивизэм хэтар мащІэ. Абыхэм ящыщ КІэрэф Кьаболэт, Хьэтыкуей Іэбубэчыр, Наурзокъуэ Хьэмзэт, Черкесов Сэрбий, Шортэн Аскэрбий, Кулиев Кьайбийхэр зеиншэ зыщІу зыгъэгуІа, лІыжь-фызыжьхэр екІуэлІапІэншэу зыщІэна нэмыцэ фашистхэм яхуэябгэщ, щысхьрабгъу лъэпкъ яхуиІэкъым: «Ар бийм хуэздэнкъым, щІы уи фІэщ. Абы и щІапІэм сынэсынщ. Ди щІыгу кьауркІэ сэ сылъэщщ. А бийм сэ мащэр лъэзэгъсынщ» («Си фочум Іэплі ЕсшэкІауэ») е «Дэ ди шухэр щхьэмыгъазэщ, МафІэу ди гур зэщІэнащ. Щы уи фІэщ уэ, ди Хэку лъапІэ: Бийр ди щІыпІэ кьидмынэн». Апхуэдэ щІпхъэжщ Кьыщокъуэ Алим зауэ зэманым итха усэхэм. Ди зауэлІхэм я гурыщІэ кьабзэмрэ я лІыхъужьныгъэ инымрэ дзгъуэу кьыхощ а усэхэм.

Бий хьэщхьэрыІуэм щысхьрабгъуи гущІэгъуи хэмлъэ ди сэлэт лІыхъужьным и нэпсыр хуэзтеубыдэркъым сабий зеиншэм зэрыпуплъу: «Гугъуехь е гуауэ сыхуэзами, Нэпс ткІуэпс си гъащІэм сфІэкІуэдакъым, Мыбдеж сигу дауэ згъэбыдами, Сшэчын си нэпсыр сэ слъэкІакъым». Зэрытлъагъущ, Алим и сэлэтыр дапхуэдэу зауэ Іэнатіэм ябгэу Іумыгъами, абы ихьумэфащ гуапагъэмрэ цІыхухэмрэ. Совет зауэлІхэм я цІыхугъэр, лІыхъужьныгъэр, я хьэлщэныфІхэр убгъуауэ ящыщыгъэлъэгъуащ Кьыщокъуэм зауэ лъэхъэнэмэ итха усэхэмрэ «Адэ» поэмэмрэ.

Хэку зауэшхуэр ирихьлІэу Кьыщокъуэм итха усэ зыбжанэм («Хэт гъащІэр пщІэншэу зылъытэр», «Дыгъэр кьепсын папщІэ», «Си анэм», «УжащІэ») зауэр Іупщіу кьыхощ, ауэ усакІуэр хуэм-хуэмурэ мамыр псэухэм хуокІуэж, абы ящІагъ кьулыкъушхуэхэм кьадэкІуэу, литературэ лэжьыгъэ щхьэпэ иригъэкІуэкІащ. И тхыгъэ купщІафІэхэмкІэ усакІуэ щэджащэр хущІэкъуащ мамырыгъэ хьэмбгъэнэкІуэ кьухуеджэным, гъащІэр егъэфІэкІуэным цІыхубэр хуэунэтІыным, лъэпкъ зэхуэмыдзэхэм я зэныбжьгъуГэр гъэбдэным. Кьыщокъуэ Алим и псэр пытыу я гурыщІэ кьабзэхэр ихьумащ, щущІ щапхъэ яхуэхъуу дунейм тетащ.

ЕРЖЫБ Аслъэн,
щІэныгъэлІ-методист.

● Фэеплъ

Дэтхэнэ зыми

● Гъэлъэгъуэныгъэ

ЩІэин хьэпшыпхэр

Аращ фІащар Лъэпкъ музейм щекІуэкІ гъэлъэгъуэныгъэм. Ди лІыхъужьхэм ятеуухуа газет напэкІуэцІхэр, тхытхэр, абыхэм зэрахьа хъэпшыпэ зэхуэмыдэхэр щагъэльагъуэ музеим. ЗэрыгущІэщи, Къэбэрдей-Балькъэрым нкІыу зауэ гуащІэм Іухьар мин 60-м щІигъэт, абыхэм я нэхъыбапІэм кьагъэззжакьым.

ГЪэлЪэгЪуэныгЪэм уэзыщихьэлІэ хьэпшыпхэр 1941 гъэм кьыщыщІэдзауэ нобэр кьэсыху зэхуэахьэса защІэщ. Зауэм и илъэс ныкъуитІ-зэхэтІ музеим и лъэхъэнэ-гъэм Іуэху щхьэпэхэр ирагъэкІуэкІат, абыхэм я фІыгъэкІи зауэлІхэм ятеуухуа хъыбархэр, сурэтхэр, тхыдэм кьыхэнэн нэгъуэщІ куэдм хъума хъуащ.

Хэку зауэшхуэм хэта, Кьэбэрдей-Балъкъэрыр хуит кьэзыщыщкъэм ящыщща сурэтыщІ щэрыІуэ Сынщыку Анатолэ и Іэдакъэщ Іэкіэхэр щыгъапІэщ мы гъэпэгъуэныгъэм. Зауэм ятыкІа цІыхум ильэгъуакъэр Іэзэу и сурэтхэм кьыщигъэльэгъуажат. Абыхэм яхьиблоГъагъуэ а зэманым екІуэкІа залымыгъэри, гугъуехьри, лІыхъужьныгъэри.

Бэракь ПлъыжьхьэМ, щыхь тхьыль бжьыгъэншэхэм, зауэ лъэхъэнэм кьыдагъэкІыу щыта плакатхэм - куэд кьыбжьэ мыбыхэми. Музейм и гъэтІылъыгъэхэм яхэтщ 297-нэ шуудзэ полкым и 115-нэ шууей дивизэм хэта зауэлІхэм я цІэхэр зэрыт дзэптрэхэри яІыгъа бэракьри. Республикэм щызэуа партизанхэм ятеуухуаи тхыгъэ куэдым щыгъуазэ зыщыпщыІыфынчуэ мыбдеж.

ГЪэпъэгъэныгъэр кьыщызэІуахым кьрихьэлІа ныбжьыщІэхэм набдзэгубдзапІпІэу зэпэплъыхьащ танк батальоным и командиру щыта, генерал-майор Деппуев Хьэчим, кхъухьлъатэзехуэхэу, Совет Союзым и ЛІыхъужьхэу Кьардэн Кьубатийрэ Диденкэ Николайрэ, Ленинград кьалэр зыхьуна кхъухьлъатэзехуэ КІэфо Арсен, нэгъуэщІхэми я Іьэпщапхэр: нэрылпІэр, шырыкьуэр, шьуаныр, щыгъын щІыІуетІьэр.

Лъэпкъ музейм и унафэщІ Накуэ Феликс гъэлъэгъуэныгъэр еІуІкІуэ кьыззэгъгъэпэща и лэжьакІуэхэми зи блэкІар кьызыфІыІуэхуэу музеим кьекІуэлІахэми ефІыщІэ яхуищІащ. Гъэлъэгъуэныгъэр кьыщызэІуахым зыкьрагъэхьэлІат ветеранхэу Антонов Анатолийрэ Зведре Владимиррэ. ЩыкІуэлІьам кьызІукІэ ахэр тепсэлъыхьыжащ и нэгу щІэкІам, абыхэм жаІащ мамырыгъэм нэхъ лъапІэ зэрыщымІэм.

КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министрым и кьуэдзэ Хьэсанэ Ислъам кьыхигъэщащ гъэлъэгъуэныгъэм мыхьэнэ ин зэриІэр. «Гъэлъэгъуэныгъэм и фІыгъэкІэ ди лІыхъужьхэм я гъащІэм щыщ Іыхьэм дяхуэлІьэну Іэмал диІэщ. Кьысщохъу мыбы щызэхуэхьэса щІэнэ хьэпшыпхэм щІалэгъуаІэрэ балигъри тхыдэм нэхъ пэгъунэгъу дищІу. ТекІуэныгъэр кьыщыхъха махуэшхуэр илъэс кьэс нэхъ жыжьэ хьуэрэ кІуэми, лІыгъэ зезыхьа цІыхубэр дэ сыт щыгъуи ди гум итыжащІу, - жиІащ Хьэсанэм».

Курыт еджапІэ №27-м и еджакІуэхэр зауэм, текІуэныгъэм, мамырыгъэм теуухуа усэхэм кьеджащ, ветеранхэм фІыщІэ хуащІащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Сталинград фашистхэм зэтракьутащ. *1943 гъэ*

Къуэныкъуейм и цІэкІэ

● Картинг

УРЫСЕЙ ДОСААФ-м КъБР-мкІэ и щІыналъэ кьудамэмрэ Эльбрус-спорттехникэ клубымрэ Нарткъалэ дэт картодромым картинг-пымкІэ республикэ чемпионат щрагъэкІуэкІыну.

Совет Союзым и ЛІыхъужь Къуэныкъуей Назир и фэепль зэхьэзэхуэхэм спортстмен 80 кьрихьэлІэнущ. Абыхэм ящыщщ Кьэбэрдей-Балъкъэр, Шэшэн республикэхэм, Армавир, Новороссийск, Невинномыссэ къалэхэм я картингист нэхъыбІхэр.

Чемпионатыр нобэ, мэкъуауэгъэм и 22-м, сыхьэт 11-м кьыщызэІуахынущ къалэ паркым ит МафІэ мыужьыхым деж.

Усэм и къару иныр

Хэку зауэшхуэм хэтащ ди тхакІуэхэм, усакІуэхэм, щэнхабзэм, гъуэзджэм я лэжьакІуэхэм ящыщу КІуащ БетІал, КІыщокъуэ Алим, Къэжэр Индрис, Къэныкъуей Мухьэмэд, Тау Борис, Щортэн Аскэрбий, Щоджэн-цІыкІуэх Алийрэ Іэдэмрэ.

АДЫГЭ тхакІуэхэмрэ усакІуэхэмрэ ящыщу зауэ зэманым художественнэ тхыгъэ ныкъуитІ нэхъыбІэ зытхахэм ящыщщ КІыщокъуэ Алим.

Литературэм зэфІэкІ пыухыкІахэр щызыІэу зыкъзэзыгъэлъэгъуа усакІуэр зауэм зэрыкІуэу занщІэу «За Родину» газетым и редактор ящІри абы зыкъомрэ щыпхъащ, иужькІэ 1942 гъэм КІыщокъуэр «Сын Отечества» армейскэ газетым ягъакІуэ. Ар мыбы балъкъэр усакІуэ Кулиев Кьайсын щыщыуозэри, а тІур газетым щызэдолажьэ. Абыи напэкІыщІэм Кьыщокъуэм кьытрыригъэдзащ и усэхэр, рассказхэр, очеркхэр, фельетонхэр, корреспонденцэхэр, нэгъуэщІ тхыгъэхэри.

Газетым щитхэзащІэ адрей кьалэн гугъуэм кьаджкІуэу, кьыщыдэхуэ зэманыр кьинэсэсбэпурэ, Алим зауэ лъэхъэнэм итхащ рассказ пщІы бжьыгъэхэр, Щэшэн республикэхэм, Армавир, Новороссийск, Невинномыссэ къалэхэм я картингист нэхъыбІхэр.

Чемпионатыр нобэ, мэкъуауэгъэм и 22-м, сыхьэт 11-м кьыщызэІуахынущ къалэ паркым ит МафІэ мыужьыхым деж.

Зауэ лъэхъэнэм КІыщокъуэ Алим и къалэмыпэм къыщІэкІа усэ нэхъыфІхэм зыщІэна «Щэ зимыІэ ныкъуэ», «ЩІым и макъ», «Парашютит», «ПщцкІуэ», «Фэеплъ бэлътоку», «Зэкъуэшит», «Да ди шухэр щхьэмыгъазэщ», «Зауэ», «Сэ сщІэркъым зауэм ныкІыжу...», «ЩэкІуэгъуэм и Родину» газетым и редактор ящІри абы зыкъомрэ щыпхъащ, иужькІэ 1942 гъэм КІыщокъуэр «Сын Отечества» армейскэ газетым ягъакІуэ. Ар мыбы балъкъэр усакІуэ Кулиев Кьайсын щыщыуозэри, а тІур газетым щызэдолажьэ. Абыи напэкІыщІэм Кьыщокъуэм кьытрыригъэдзащ и усэхэр, рассказхэр, очеркхэр, фельетонхэр, корреспонденцэхэр, нэгъуэщІ тхыгъэхэри.

Газетым щитхэзащІэ адрей кьалэн гугъуэм кьаджкІуэу, кьыщыдэхуэ зэманыр кьинэсэсбэпурэ, Алим зауэ лъэхъэнэм итхащ рассказ пщІы бжьыгъэхэр, зэ 62-рэ, «Адэ» поэмэ купщафІэр.

Зауэ лъэхъэнэм КІыщокъуэ Алим и къалэмыпэм къыщІэкІа усэ нэхъыфІхэм зыщІэна «Щэ зимыІэ ныкъуэ», «�щІым и макъ», «Парашютит», «ПщцкІуэ», «Фэеплъ бэлътоку», «Зэкъуэшит», «Да ди шухэр щхьэмыгъазэщ», «Зауэ», «Сэ сщІэркъым зауэм ныкІыжу...», «�щэкІуэгъуэм и Родину» («Си фочум Іэплі ЕсшэкІауэ») е «Дэ ди шухэр щхьэмыгъазэщ, МафІэу ди гур зэщІэнащ. Щы уи фІэщ уэ, ди Хэку лъапІэ: Бийр ди щІыпІэ кьидмынэн». Апхуэдэ щІпхъэжщ КІыщокъуэ Алим зауэ зэманым итха усэхэм. Ди зауэлІхэм я гурыщІэ кьабзэмрэ я лІыхъужьныгъэ инымрэ дзгъуэу кьыхощ а усэхэм.

Бий хьэщхьэрыІуэм щысхьрабгъуи гущІэгъуи хэмлъэ ди сэлэт лІыхъужьным и нэпсыр хуэзтеубыдэркъым сабий зеиншэм зэрыпуплъу: «Гугъуехь е гуауэ сыхуэзами, Нэпс ткІуэпс си гъащІэм сфІэкІуэдакъым, Мыбдеж сигу дауэ згъэбыдами, Сшэчын си нэпсыр сэ слъэкІакъым». Зэрытлъагъущ, Алим и сэлэтыр дапхуэдэу зауэ Іэнатіэм ябгэу Іумыгъами, абы ихьумэфащ гуапагъэмрэ цІыхухэмрэ. Совет зауэлІхэм я цІыхугъэр, лІыхъужьныгъэр, я хьэлщэныфІхэр убгъуауэ ящыщыгъэлъэгъуащ КІыщокъуэм зауэ лъэхъэнэм итха усэхэмрэ «Адэ» поэмэмрэ.

Хэку зауэшхуэр ирихьлІэу КІыщокъуэм итха усэ зыбжанэм («Хэт гъащІэр пщІэншэу зылъытэр», «Дыгъэр кьепсын папщІэ», «Си анэм», «УжащІэ») зауэр Іупщіу кьыхощ, ауэ усакІуэр хуэм-хуэмурэ мамыр псэухэм хуокІуэж, абы ящІагъ кьулыкъушхуэхэм кьадэкІуэу, литературэ лэжьыгъэ щхьэпэ иригъэкІуэкІащ. И тхыгъэ купщІафІэхэмкІэ усакІуэ щэджащэр хущІэкъуащ мамырыгъэ хьэмбгъэнэкІуэ кьухуеджэным, гъащІэр егъэфІэкІуэным цІыхубэр хуэунэтІыным, лъэпкъ зэхуэмыдзэхэм я зэныбжьгъуГэр гъэбдэным. КІыщокъуэ Алим и псэр пытыу я гурыщІэ кьабзэхэр ихьумащ, ящущ щапхъэ яхуэхъуу дунейм тетащ.

ЕРЖЫБ Аслъэн,
щІэныгъэлІ-методист.

● Шхыныгъуэхэр

Джэдыкіэжьапхъэ, бжын, бжыныху, шыбжий сыр щІэгъэжьыхьауэ

Тхъу къэплъам бжьын упщІэта, бжьныных халъхьэри, зэлащІэурэ агъэлыбжьэ. Тхъуэпль хъууэ зэрыхуежьэу, тыкъыр щІыкІуурэ упщІэта шыбжий сыр халъхьэри, зэлащІэурэ агъажьэ. ЗэрызэлащІэм хуэдэурэ, шыгъу зыхэдза джэдыкІэ удар щІакІэри, льэныкъуитІымкІи зэрагъэдзэкІыурэ, тхъуэпль дахэ хъуху агъажьэ. Іыхьэурэ зэпаупщІри, Іэнэм пщтыру трагъэувэ. Дашх пІастэ хуабэ, щІакхъуэ.

Халькьэхэр (щыхуитІ Іыхьэ):

Тхъуэ - грамми 100
Бжьныщхьэ укъэбзауэ - грамм 50
Бжьныныху укъэбзауэ - грамм 15
Шыбжийуэ - грамми 2
Джэдыкіэ - 4
Шыгъуэ - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Гу зылъытапхъэ



«Іуащхьэмахуэ кІуэ гъуэгу»

Апхуэдэ фІэщыгъэ зиІэ егъэджэныгъэ-дунейхэгъуэзэ программэ хьэлэмэт утыку кърахьащ Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ. Абы и мурадыр Къэбэрдей-Бэрэчъэрым и географиерэ, щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэм, тхыдэ, щІэныгъэ-техникэ льапІэныгъэхэм цыхуэр щыгъуазэ хуэщІынуц. Кьалэныр - ди щІыналъэм экономикэкІэ и зэфІэкІыр зыхуэдэр, политикэ Іуэхуэмкіи зэрызэпІэзэрытыр, адыгэхэм игъащІэмэ къадекІуэкІ лъэпкъ хабзэ дахэхэр наІуэ къэщІынырц.

МАХИИТХУКІэ екІуэкІыну трауха нэгузыжь программэр ятещІыхьащ илъэс 14 - 20-хэм и ныбжьыщІэхэм. Абыхэм зыщрагъэпІыхьыхьнущ «Кавказ щыгъэм и налкъутиху» зыфІаща гъэзугум. Абы хеубыдэ:

- Налшык къалэ щыгъуазэ зыхуэщІыныр;

- ХьэтІохъуцокъуэм и цІэр зезыхьэ Налшык къалэ жыг хадзэм зыщыпплъыхьныр;

- Высоцкий Владимир и музейм кІуэныр;

- Іуащхьэмахуэ льапэ щыІэ «Мир» бгы льагэ обсерваторэм и лэжьыгъэм щыгъуазэ зыхуэщІыныр;

- Нарзанхэм я ауэзм щыІэ псы хущхъуэ къещІэжьыпІэм щыхьащІэныр.

Егъэджэныгъэ-дунейхэгъуазэ программэр зи лъабжьэ нэгузыужьым тхъэмахуэ къэс бзарэжьеймі щІедзэри мазхуитхукІэ йокІуэкІ. Махуитхум щыщу дэтхэнэри гъэнщІащ Іуэхугъуэ купщІафІэхэмкІэ, гъэщІэгъуэнхэмкІэ, хьэлэмэтхэмкІэ.

Бзарэжьей махуэр хуэхащ Налшык къалэ зыщыпплъыхьным. Нэгузыжьым хэта псори пщыхьэщхьэм ирагъэблэгъэнущ «ПщІантІэжь» хьэщІэщым. Абыхэм къыхуащтэнущ адыгэ, европей шхыныгъуэхэмкІэ къулей Іэнэхэр, уэрэдхэм ирагъэдэІуэнущ, хьэщІэщым и Іэгъуэблагъэм зыщрагъэпльыхьынущ. ИужькІэ хьэщІэхэм папщІэ адыгэ джэгу зэхащэнущ.

Махуэку махуэм гупым я нэгу зыщрагъужьынущ ХьэтІохъуцокъуэм и жыг хадзэм. ИужькІэ ахэр ирагъэблэгъэнущ адыгэ фащэхэр дынымкІэ зэфІэкІыщхъэ зыбгъэдэлъ Сэралъп Мадинэ и Іуэхугъэ, «Сосрыкъуэ» зыпплъыхьыпІэм, ПъэпкъІ музейм. ПщыхьэщхьэмкІэ хьэщІэхэм Іэнэ къыщыхуащтэнущ «Кавказ гъэр» литературэ кафем и пэшхэу «Нэгумэ Шорэ», «Пушкин», «Лермонтов», «Хьан-Джэрий», «Пщы гуащэм и унэ» жьхуиІэхэм. Абы къыкІэлъыкІуэнущ «Хэкупсэ дерс» купщІафІэр.

Мэрем махуэм хьэщІэхэр яшэнущ «Акрополь-центрым». Ахэр щыгъуазэ хуащІынущ адыгэ суратыщІ щэрыІуэ Шемякин-Къардэн Михаил и лэжьыгъэхэм, ар илъэс 70 щрикъум ирихьэлІэу къызрагъэпэщауэ щыта гъэлъэгъуэныгъэм, «Щэмякин и гъатхэ» фестивалым щыщ Іыхьэхэм ирагъэпплъынущ. ИужькІэ гупыр яшэнущ Іуащхьэмахуэ льапэ щыІэ «Иткол» пансионатым, Высоцкий Владимир и цІэр зезыхьэ музейм кІуэнущ, «Пшэ адрыщІхэм» макъамэ программэм хэтынущ.

Щэбэт махуэм гупыр Іуащхьэмахуэ (метр 5642-кІэ) джэуинущ кІапсэ гъэугукІэ. Лъэрыжэкіэ кърагъэжьихьынущ ар зыфІэфІхэм. А Іуэхугъуэхэм къыкІэлъыкІуэу, хьэщІэхэм щыгъуазэ зыхуащІынущ Іуащхьэмахуэ льапэ щыІэ «Мир» бгы льагэ обсерваторэм и лэжьыгъэм, «Чегет» щыпІэм зыщапплъыхьнущ. Пщыхьэщхьэм гупым папщІэ къызэрагъэпэщынущ «Зэныбжьэгъуэм и уэз Іэрамэ» концертыр, «Къафэ, Кавказ!» джэгу.

Тхьэмахуэм гупыр яшэнущ Нарзанхэм я ауэзм щыІэ псы хущхъуэ къыщІэжьипІэм. Ахэр абдеж псы щефэнущ, зыщапплъыхьнущ.

Гупыр и псэупІэгъэ шхынкІэ къызэгъэпэща зэрыхъунур:

- *бзарэжьейм* щэджагъуашхэрэ пщыхьэщхьэшхэрэ щрагъэщІынущ Налшык дзт «ПщІантІэжь» хьэщІэщым;
- *махуэкум* пщэдджыжьышхэр - «ПщІантІэжьым», щэджагъуашхэмрэ пщыхьэщхьэшхэмрэ «Кавказ гъэр» литературэ кафем щрагъэщІынущ;
- *мэремым* пщэдджыжьышхэр - «ПщІантІэжьым», щэджагъуашхэр - «Акрополь-центрым», пщыхьэщхьэшхэр - Іуащхьэмахуэ льапэ щыІэ «Иткол» пансионатым къыщыхуэзэрагъэпэщынущ;
- *щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ* гупыр щагъэшхэнущ Іуащхьэмахуэ льапэ щыІэ «Иткол» пансионатым.

ХьэщІэхэр щыпсэунур цІыхуитІ зыщІэхуэ пэшхэщ, зыхуэину тыншыгъэ псори ягъуэту.

«Іуащхьэмахуэ кІуэ гъуэгу» егъэджэныгъэ-дунейхэгъуазэ программэ хьэлэмэтым хэтыну хуейхэм зыпыфІщІэ хъунущ Налшык къалэ щыпсэу Марыщ Розеттэ. Абы и телефон къэр: **8-928-721-45-32; 8-965-497-15-22; 8-918-725-63-06.**

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Адыгэхэр Берлин къыщофэ

● Гъэзджэ

Берлин гъэ хъэс щекІуэкІ, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я щэнхабзэ карнавалым цІыху мелуаным нэс зэхуешэс. 2013 гъэм дэри - Берлин щылажьэ Адыгэ Хасэр - абы дыхэтыну мурад тщІыри, нэрыбгэ 45-рэ хъу ди гупым лъэпкъ щэнхабзэр утыку къитхьащ.

Дэ къаІэну зыхуэдгъэувыжат карнавалым дыхэтыну адыгэ фащэхэр е ди тхьапхъэщІыпхъэхэр къызыгеп фэилъхьэгъуэхэр едгъэдыну. Мазэ зыбжанэ иІэжу щІэздзэри, ди мурадыр зэдгъэхъулІащ - ди Хасэм и фащэхэр щІаІэгъуаІэм зыщатІэгъащ, дыжьын бырыпхъэр едгъэщІащ, адыгэ джанэхэр едгъэдащ, КІэщІу жьпІэмэ, дахэу зыкъэтхуэпащ.

Фестивалым фащэ зыщымыгъ хэт мыхъуну къэтщта унафэм кърикІуар ТВ-мкІэ къагъэлъэгъуэжа нэтынхэмкІэ тлъагъуэжащ. Щапхъэу къэсхьынщ ALEX-TV-м дыкъызэритар: «... я дуней тетыкІэм, я Іэпкълъэпкъ зэкІужьым, я къэфэкІэм, я фащэхэм къагъэлъагъуэрт адыгэ лъэпкъым уэркъ теплъэ зэриІэр».

Ди лъэпкъыр зищІысымрэ ди щэнхабзэм, хабзэм льабжьэ яхуэхъумрэ кІэщІу зэрыт тхыгъэ цІыкІуэхэр мини 5 хъууэ тредгъадзэри, а маХуэм дгуэшащ, телевиденэми интервью еттащ, дыкъэзымыцІыхуу къытщІэупщІа Іэджэми дызэрыадыгэр, шэрджэскІэ зэджэр дызэрыарар яжетІащ, радиом, телевиденэм, Интернетым я Іэмалхэр къэдгъэсэбэпурэ, цІыху мелуан бжьыгъэм далъэІэсащ, закъедгъэлъэгъуащ.

Куэд къыдбгъэдыхьэрт а махуэм ди кьафэр яфІэгъэщІэгъуэну, ди фащэхэм я пкъыгъуэхэм къарыкІым щІэупщІэу, ди пшыналъэхэм я нотэхэр зрагъэщІэну хуейуэ.

Карнавалыр Іэмал тхуэхъуащ лъэпкъ зэмыщхьхэм я щэнхабзэ дунейм дэри дыхьхьэну, ди адыгагъэмрэ хабзэмрэ щыдгъэлъэгъуэну. Ди гупым хэтащ Кёльн, Мюнхен, Дюссельдорф, Ганновер, Любек, Лион кьалэхэм кІыкІа ди щыпхъуди къуэпшхэр. Алихуэдэ ІуэхуфІыр я фІыщІэщ Берлин Хасэм и жэрдэмым къыпэджэжа, зыкърахыу, адыгэ теплъэ яІэу фестивалым къекІуэлІа псоми, ар екІуу къызэрэпэщынымкІэ къыддэІэпыкъуахэми.

Аращи, дызэкъуэтэну - дылъэщщ!

КЪУМЫКЪУ Уэхьбий.
Берлин къалэ

● Гушыпэхэр

Деджэрэ хьэмэрэ...

Студент гупыр щІэдджыжьым къэупащ:

- Зэмылыр нэсащ, еджапІэм дывдзэкІуэ, - жиІэ ятэ курсым щІэс щІалэм.

- Хьэуэ, тІэкІу дывгъэжеи нэхьыфІщ, - жи, ятІуанэ курсым щеджэм.

- Нобэ дымыкІуэмэ мынэхьыфІу пІэрэ? - кьыхелъхьэ ещанэ курсым щІэс щІалэм.

- Нобэ ди нэгу зедгъэужьынщ, - жи ещанэ курсым щІэсым.

Апхуэдэу зэрызздауэр етхуанэ курсым щІэсым зэхиха Егъэджэн студентэм яжриІащ:

- КІэпІейкІэ дыдодзейри, бгъэр кьыдгъэзэгъэуэ техуэмэ, нобэ егъапІэ дыкІуэркъым, адрей лъэныкъэр кьыдгъэзгъэмэ - ди нэгу зыдогъэужь, бгъукІэ увмэ - дыжеинущ, кьемыхуэхьжу хьэуам кьыхэзгъэмэ - еджапІэм дыкІуэнущ.

Ар сызыхуей дыдэщ

Студентым кьищта фэтэрым ахъшэ щритын хуей пІалъэр блинГъэІащ.

- И уасэр кьызумытауэ мы унэм ущІэзгъэКІынукъым, - жи, фэтэрыр зейм.

- ФІыщІэ пхузощІ, ар сызыхуей дыдэщ, - ет жэуап студентым.

● Гъэзджэ

Берлин къыщофэ

Берлин гъэ хъэс щекІуэкІ, лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм я щэнхабзэ карнавалым цІыху мелуаным нэс зэхуешэс. 2013 гъэм дэри - Берлин щылажьэ Адыгэ Хасэр - абы дыхэтыну мурад тщІыри, нэрыбгэ 45-рэ хъу ди гупым лъэпкъ щэнхабзэр утыку къитхьащ.

Дэ къаІэну зыхуэдгъэувыжат карнавалым дыхэтыну адыгэ фащэхэр е ди тхьапхъэщІыпхъэхэр къызыгеп фэилъхьэгъуэхэр едгъэдыну. Мазэ зыбжанэ иІэжу щІэздзэри, ди мурадыр зэдгъэхъулІащ - ди Хасэм и фащэхэр щІаІэгъуаІэм зыщатІэгъащ, дыжьын бырыпхъэр едгъэщІащ, адыгэ джанэхэр едгъэдащ, КІэщІу жьпІэмэ, дахэу зыкъэтхуэпащ.

Фестивалым фащэ зыщымыгъ хэт мыхъуну къэтщта унафэм кърикІуар ТВ-мкІэ къагъэлъэгъуэжа нэтынхэмкІэ тлъагъуэжащ. Щапхъэу къэсхьынщ ALEX-TV-м дыкъызэритар: «... я дуней тетыкІэм, я Іэпкълъэпкъ зэкІужьым, я къэфэкІэм, я фащэхэм къагъэлъагъуэрт адыгэ лъэпкъым уэркъ теплъэ зэриІэр».

Ди лъэпкъыр зищІысымрэ ди щэнхабзэм, хабзэм льабжьэ яхуэхъумрэ кІэщІу зэрыт тхыгъэ цІыкІуэхэр мини 5 хъууэ тредгъадзэри, а маХуэм дгуэшащ, телевиденэми интервью еттащ, дыкъэзымыцІыхуу къытщІэупщІа Іэджэми дызэрыадыгэр, шэрджэскІэ зэджэр дызэрыарар яжетІащ, радиом, телевиденэм, Интернетым я Іэмалхэр къэдгъэсэбэпурэ, цІыху мелуан бжьыгъэм далъэІэсащ, закъедгъэлъэгъуащ.

Куэд къыдбгъэдыхьэрт а махуэм ди кьафэр яфІэгъэщІэгъуэну, ди фащэхэм я пкъыгъуэхэм къарыкІым щІэупщІэу, ди пшыналъэхэм я нотэхэр зрагъэщІэну хуейуэ.

Карнавалыр Іэмал тхуэхъуащ лъэпкъ зэмыщхьхэм я щэнхабзэ дунейм дэри дыхьхьэну, ди адыгагъэмрэ хабзэмрэ щыдгъэлъэгъуэну. Ди гупым хэтащ Кёльн, Мюнхен, Дюссельдорф, Ганновер, Любек, Лион кьалэхэм кІыкІа ди щыпхъуди къуэпшхэр. Алихуэдэ ІуэхуфІыр я фІыщІэщ Берлин Хасэм и жэрдэмым къыпэджэжа, зыкърахыу, адыгэ теплъэ яІэу фестивалым къекІуэлІа псоми, ар екІуу къызэрэпэщынымкІэ къыддэІэпыкъуахэми.

Аращи, дызэкъуэтэну - дылъэщщ!

КЪУМЫКЪУ Уэхьбий.
Берлин къалэ

● Хъуэхъу

***Аруан кьуажэм щыпсэу, Нарткъалэ дэт «Стоматологие поликлиникэ» Іуэхущ Іапі эм и дохутыр нэхьыщхьэ Зыхьэ Юрэ Хьэжысмел и кьуэр кьущальхуа махуэщ, илъэс 55-рэ ныбжь дахэр егъэльапІэри, дохьуэхьу*

Ди адэ гумащІэу ди псэм хуэдгъадэ! Узынщагъэ быдзэрэ дэрэжэгъуэ инрэ уиІэу, тхьэгъэумрэ берыч этымрэ уи бэу, уи пщІэр льагэрэ уи щхьэр льапІэу, фІыуэ зыхэпщыкІ уи ІэщІагъэм и хьер пльагъуу, уи щІэблэм я насыпым ущыгуфІыкІыу, абыхэм я ехъулІэныгъэм уригушхуэу куэдрэ дяпэ уитыну дынохьуэхьу! Тхьэр фІыгъуэкІэ къыпхуэупсэну ди гуапэщ.

ФІыуэ укъэзыльагъу, щІэ къыпхуэзыщІ уи унагъуэр.

Редактор нэхьыщхьэ
ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИМ ХЭТХЭР

Жыласэ Заурбэч (редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ), **Жьэкіэмыхьу Маринэ** (редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маригэ, Нэщэныдзэ Замирэ, Хьэжыкъаро Алик, Щхьэщомыщ Иэз.**

КьыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкІ.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымрэ Іэрам, 5, еІтъуанэ-еплІанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редакторэ нэхьыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхьыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жьлагъуэмрэ лъэныкъуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ Іапі эхэм яІэлажьэныбжьмкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІаІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм - 42-26-41; суэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь, Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьэм.

Газетыр Іэ тезыдахэм яхуэхьыныр и пщ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ,
Ленинымрэ щІэкІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэм: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Къумахуэ Асльэн, корректорэу Щоджэн Инно *(1, 2, 3-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(4, 5, 6-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэЗныкъуэгъу* Мырэзкъан ФатІимэ. *Компьютеркіэ газетым и тепльэр ящІащ* Ныр Сандэ, Мэзбахъуэ Анжелэ, *суэттхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тредзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.220 ● Заказ №1595

Псалъэзэблэдз

Хэку зауэшхуэм теухуауэ

Зауэм Іут я бынхэм пэпльэурэ, ... мащІэ щІагъэкІа анэхэм. **46.** Адыгэ уэрэджьІакІуэ, Урысей Федерацэм и цІыхубэ артист. **47.** Жэщыбгым псори зэбгрыкІыжащ, ... и унэ бжэн лъакьуэу. **48.** Бийм удынышхуэ щрадза кьалэлІыхьужьым нобэ а цІэращ зэрихьэр. **49.** Зи пхьафэр щхьэфэ-фІыщІафэ, псэуальэ-апхъэ кьыщыхьах жыг лІэужьыгъуэ. **50.** Ди лъэпкъэгъу, Совет Союзым и ЛІыхьужь.

Кьехьу: **1.** Уэ ... хэлъхьи, сэ берычэт ныхъсэлъхьэщ. **2.** Беларусым щыщ быдапІэ, кьалэ-лІыхьужь. **3.** ХьуаскІэ кьыщыхьа мывэ быдэ. **4.** Іэ тетъэщІапІэ зиІэ щэнт щабэ бгъуфІэ. **5.** Хэку зауэшхуэм хэта, иужькІэ колхоз тхьэмадэу илъэс Іэджэкіэ лэжьа, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхьужь. **6.** Къэрэшей-Шэрджэс щІыналъэм хлубыдэ псыежэх. **8.** Кхьухьльатэзэхуэу щыта, Совет Союзым и ЛІыхьужь. **11.** Хэку зауэшхуэм лІыгъэ щызезыхьа адыгэ офицер, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ тхакІуэ. **14.** Адыгэ таурыхьхэм узыщрихьэлІэ цІыху домбей. **16.** Ди лъэпкъэгъу, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхьужь. **17.** Гъэщ, псы зэфэн зэрызэрахьэ кумбыгъэ. **21.** Зауэ зэманым щыІа дзэшхуэ, армэ зыбжанэ кьызэщІиубыдэу. Апхуэдэзэм я унафэщІу щытахэщ маршал-хэу Ворошилов, Конев, Василевский, Тимошенкэ сымэ, нэгъуэщІхэри. **22.** Теплъэншэ, фэншэ. **23.** Танкзехуэ хахуэу щыта ди лъэпкъэгъу, Совет Союзым и ЛІыхьужь. **25.** ... кьута» - зауэм теухуауэ Кьыщокъуэ Алим и Іэдакъэ кьыщІэкІа роман. **27.** Адыгэ таурыхьхэм узыщрихьэлІэ шы лъэрызехьэ: нкІи мэпсэльэф, нкІи мэльэтэф. **30.** Ди гъэ-нэгъум пхъэщхьэмыщхьэ ... хьуэпсэгъуэ иІэщ. **31.** ГъукІэ Іэмэпсымэ. **33.** Іутlыж Борис и пьесэ. **34.** Япэу зэрыІупльэу щІалэм ... щыхьэуащ хьыджэбэзыр. **35.** Хэку зауэшхуэм хэкІуэда адыгэ усакІуэшхуэ, Щоджэнщ Іыку Алий и романым хэт лъхьэлъхь. **36.** Кхьухьльатэзэхуэу щыта адыгэлІ, Совет Союзым и ЛІыхьужь. **39.** Бийм и кхьухьльатэу 60-м щІигу кьеэзыдыха урыс зауэлІ, Совет Союзым щэнейрэ и ЛІыхьужь. **40.** Совет Союзым и ЛІыхьужь эзкъуэшІт. **42.** Дзэзешэ щІыруІуэу щыта, маршал, Совет Союзым плІэнейрэ и ЛІыхьужь. **45.** ... зэхьэзэхуэм ди щІалэхэм бжьыпэр щаубыдащ. **47.** Бийр кьыщыблагъэм, кьуажэдэхэм я нэхьыбэр ... ныхьжащ.

Зэхэзыгъэувар
МЫЗ Ахьмэдщ.

Мэкьуауэгъуэм и 15-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Ихьурейгъкіэ кьыкІухьу: **13.** Удж. **14.** Джэду. **15.** Уэрдыхъу. **16.** Хьуп. **17.** Пэрыт. **18.** Тумэн. **19.** Ныбжь. **20.** Жьэгъу. **21.** Гъуху. **22.** Хур. **23.** Румын. **24.** Нып. **25.** Пэшэж. **26.** Жэп. **27.** Пхъэпс. **28.** Саут. **29.** Тхьэгъу. **30.** Гъум. **31.** Мэл. **32.** Лэгъупэжь. **33.** Урыху. **34.** Хуэм. **35.** Мэлычыпхъу. **36.** Хьун. **37.** Нэд. **38.** Дэлэн. **39.** Нэрыгъ. **40.** Гъаблэгу. **41.** Іугъу. **42.** Гъуэмбырэщ. **43.** Щынэ. **44.** Бзэгу. **45.** Гуэн. **46.** Нысэгъу. **47.** Гъуэншэдж. **48.** Джэд. **49.** Дудакъ. **50.** Кьэхьун. **51.** Хрущев. **52.** Вэгъу.

Ихьуейгъкіэ кІуэуэ: **1.** Хьудыр. **2.** Адэмыгу. **3.** Тэрч. **4.** Лэгъуп. **5.** Бжьэдыгъу. **6.** Ерэн. **7.** Епэр. **8.** Бжаблэ. **9.** Кіэбгъу. **10.** Шхьэм. **11.** Тэрэзэ. **12.** ІупщІэ.